



Pou Piblikasyon Imedya: 22/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN JOUNEN LATÈ A, GOUVÈNÈ CUOMO AK LIDÈ LEJISLATIF YO ANONSE
BIDJÈ YO ADOPTE POU 2020 AN GEN LADAN 110 MILYON DOLA POU
REVITALIZE PAK NAN ETA NEW YORK YO**

***Pak Eta yo pou Lanse Pwojè Konstriksyon yo ak Amelyorasyon Toupatou Nan
Sistèm lan nan 47 Pak ak Sit Istorik Atravè New York***

Gouvènè Andrew M. Cuomo, Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins ak Pòtpawòl Asanble a, Carl Heastie te anonse jodia ke Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2020 an gen ladan 110 milyon dola nan finansman capital pou kontinye inisyativ NY Parks 2020 pou revitalize pak vedèt Eta yo ak sipòte pwojè enfrastrikti ki enpòtan yo. Nan kad inisyativ sa, Eta a pral investi 20 milyon dola pou devlope pi gwo pak Vil New York la, Pak Eta Shirley Chisholm nan Brooklyn.

"Pak Eta yo se poto mitan ekonomi touristik pwospè New York la e chak ane plizyè milyon moun New York itilize richès natirèl klas mondyal sa yo pou pran plezi yo, fè egzèsis ak angajman kominotè", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Investisman enpòtan sa pral ede amelyore ak modènize Pak Eta ke nou renmen anpil yo pandan l ap pwomouvwa lwazi anplennè ki bon pou lasante, prezève anviwònman nou an epi solve ekonomi lokal yo."

Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Pak New York yo se bijou toutotou eta nou an ki amelyore kalite lavi rezidan yo epi ofri sèvis ak eksperyans ki bon anpil. Majorite Sena a te fyè pou yo asire fon siplemantè pou pak eta nou yo nan bidjè final la. Anplis, pak k ap onore akonplisman Shirley Chisholm yo se yon bon mwayen pou rekonèt moun New York sa a ki te yon pyonye e ki simonte baryè envizib yo".

Pòtpawòl Asanble a Carl Heastie te deklare, "Youn nan pati mwen pi renmen nan toune anyèl mwen atravè eta a se gen opòtinite pou vizite pak eta New York yo - soti nan sit istorik yo pou rive nan mèvèy natirèl yo. Finansman ki enkli nan bidjè ane sa a pral kreye Pak Eta Shirley Chisholm, ki pral pote espas ekolojik ke yo bezwen anpil, jaden kominotè ak sant rekreatif nan Brooklyn, epi li pral investi nan pwojè antretyen ak amelyorasyon nan pak eta nan tout kwen New York yo. Majorite Asanble a ap kontinye travay pou pwoteje trezò natirèl ak istorik eta nou an pou ke jenerasyon k ap vini yo ka jwi yo".

"Pak Eta nou yo ak bèl bijou natirèl inik yo se yon pati enpòtan nan kiyès nou ye kòm moun New York", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te di.** "Bidjè ane sa a ap kontinye investisman rekò nou yo pou modènize pak yo nan chak rejyon eta a, estimile kominote lokal yo, investi nan sektè touristik la, ak amelyore kalite lavi."

Pwojè revitalizasyon ak reyabilitasyon yo pral pran plas nan 47 Pak Eta ak sit istorik atravè New York ane sa a. Sa gen ladan finansman pou yon nouvo pak ki mezire 165 ekta an memwa Shirley Chisholm, yon pyonye natif natal Brooklyn ki te premye Manm Kongrè Afrikèn Amerikèn, epi tou premye fanm ak Afrikèn Amerikèn pou ale nan eleksyon pou Prezidan. Envestisman 20 milyon dola nan Pak Eta Shirley Chisholm lan pral ofri santye pou monte bekàn ak randone, aksè a rivaj pou moun monte kayak, yon pilye ki gen yon estrikti ki gen lonbraj, espas pou piknik, konsesyon, etablisman pou konfò, siyalizasyon pou bay direksyon epi yon biwo pou pak la.

Finansman sa ap kontinye yon gwo transfòmasyon nan sistèm pak lan ki resevwa preske 1 milya dola pou amelyorasyon pak ak sit istorik sou lidèchip Gouvènè Cuomo depi 2011.

Komisè Pwovizwa Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare, "Gouvènè Cuomo ap trase chemen an nan enspire vizitè yo pou anbrase pak Eta ki pi ansyen nan nasyon an. Nou pa ka tann pou nou pwofite de pwogrè enòm sa yo ki te fèt pou revitalize Pak Eta nou yo pou asire ke tout moun New York ak envite yo santi ke yo akeyi yo epi ke yo lakay yo nan pak yo. Pak Eta New York yo dwe etabli estanda pou res nasyon an, epi amelyorasyon sa yo pral kontinye modle yon sistèm pak 21èm syèk ki modèn, dirab e akeyan".

Senatè José M. Serrano, ki se Prezidan Komite Afè Kiltirèl, Touris, Pak ak Lwazi Sena a (Senate Committee on Cultural Affairs, Tourism, Parks and Recreation), te deklare, "Pandan ke kantite vizit nan Pak Eta yo ap kontinye ogmante chak ane, envestisman siyifikatif enpòtan anpil pou asire siksè kontinyèl motè ekonomik sa yo. Kòm Prezidan Komite Afè Kiltirèl, Touris, Pak ak Lwazi Sena a, mwen kontan anpil ke akò bidjè a gen ladan yon 110 milyon dola anplis pou Pak Eta yo, ki ap asire ke pi gwo trezò natirèl New York yo ap kontinye amelyore, vin pi bèl, epi mentni pou jenerasyon ki ap vini yo ka jwi. Anpil remèsiman a Gouvènè Cuomo ansanm ak Komisè Pwovizwa Kulleseid pou angajman yo pou pak ak espas ekolojik nou yo".

Manm Asanble Daniel O'Donnell, Prezidan Komite Devlopman Pak ak Touris (Committee on Parks and Tourism), te deklare, "Pak eta nou yo sèvi plizyè santèn milye vizitè chak ane, e envestisman 110 milyon dola Eta New York la pou revitalize yo asire ke nou ka kontinye fè sa. Mwen apresye tout travay di Pak Eta New York fè kòm yon ajans pou amelyore eksperyans moun New York yo ansanm ak vizitè yo nan konekte yo ak bèl nati ke Eta New York la gen pou l ofri".

Anplis de 83.9 milyon dola nan pwojè konstriksyon yo te anonse jodi a yo, bidjè a bay 26 milyon dola pou fè divès amelyorasyon toupatou nan sistèm lan, tankou envestisman nan efikasite enèjetik, teknoloji, pwoteksyon resous natirèl yo - epi atribiye finansman pou konsevwa pwojè alavni yo, pou evènman ijans yo, pou enjenyeri ak siveyans konstriksyon yo.

Pwojè Pak yo pral fèt nan rejyon ki annaprè yo:

Rejyon Kapital: 9.2 milyon dola pou 7 pak

Johnson Hall State Historic Site	Historic Roof Rehabilitation	\$250,000
----------------------------------	------------------------------	-----------

John B Thacher State Park	Decommission Sewage Treatment Plant	\$650,000
John B Thacher State Park	Primary Electric Rehabilitation II	\$700,000
Regionwide	Regionwide Paving Improvements	\$1,000,000
Saratoga Spa State Park	Roosevelt II Bathhouse Rehab	\$1,700,000
Saratoga Spa State Park	2019 Spa Campus Buildings & Grounds Rehab	\$500,000
Lake Taghkanic State Park	East Water Tower Replacement	\$225,000
Lake Taghkanic State Park	Westside Septic Pump Station & System Improvements	\$350,000
Olana State State Historic Site	Farm Complex Parking Relocation & Kitchen Garden	\$1,000,000
Olana State State Historic Site	Water Storage Tank Replacement	\$850,000
Taconic State Park	North Campground Showerhouse, Comfort Station C & Septic	\$1,600,000
Taconic State Park	Water Treatment & Distribution for Iron Works, Maintenance & Residence.	\$360,000
		\$9,185,000

New York Santral: 900,000 dola pou 1 pak

Green Lakes State Park	Repair Park Roadways	\$800,000
Green Lakes State Park	Replace Comfort/Shower Buildings Design	\$100,000
		\$900,000

Finger Lakes: 3 milyon dola pou 4 pak

Ganondagan State Historic Site	Construct New Bridge at Great Brook	\$450,000
Ganondagan State Historic Site	Replace Long House Roof	\$20,000
Hamlin Beach State Park	Continue Construction of Cottages in Area 5	\$1,250,000
Letchworth State Park	Continue Rehabilitation of Cabin Area A & B	\$375,000
Regionwide	Resurface and Repair Roadways	\$1,000,000
		\$3,095,000

Hudson Valley: 10 milyon dola pou 7 pak

Bear Mountain State Park	Rehabilitate Regional Administration Building	\$1,030,000
Bear Mountain State Park	Improve Hessian Lake Picnic Area Landscaping	\$500,000
Harriman State Park	Repair Lake Statahe, Upper Cohasset & Lower Cohasset Dams	\$870,000

Harriman State Park	Rehabilitate Top of Pines Camps T6, 8 & 10 for Camp Junior	\$2,000,000
Harriman State Park	Group Camp Septic System Improvements	\$350,000
Rockland Lake State Park	Improve Golf Course	\$75,000
Rockland Lake State Park	Rehabilitate Park Roads and Paths	\$500,000
Rockland Lake State Park	Replace Water Lines	\$3,300,000
Palisades Region	Improve Trail Signage	\$75,000
John Jay Homestead State Historic Site	Replace Roofs on Four Outbuildings	\$250,000
Mills-Norrie State Park	Improve Dinsmore Clubhouse & Norrie Point Septic System	\$660,000
Staatsburgh State Historic Site	Improve Wastewater System	\$350,000
		\$9,960,000

Long Island: 21.3 milyon dola pou 7 pak

Bayard Cutting Arboretum State Historic Site	Improve Visitor Center and Parking Lot	\$1,000,000
Bethpage State Park	Golf Course Improvements	\$500,000
Caumsett State Historic Site	Improve Park Entrance/Parking Lot	\$750,000
Hempstead Lake State Park	Rehabilitate Field 1 Comfort Station	\$1,000,000
Nissequoge River State Park	Continue Park Improvements	\$800,000
Long Island Region	Upgrade Septic Systems	\$2,000,000
Jones Beach State Park	Comprehensive Jones Beach Revitalization Initiative	\$15,250,000
		\$21,300,000

Mohawk Valley: 1.8 milyon dola pou 2 pak

Gilbert Lake State Park	Upgrade Sewage Treatment Facility	\$1,600,000
Robert V. Riddell	Continue Park Improvements	\$200,000
		\$1,800,000

Vil New York: 20.5 milyon dola pou 3 pak

Pak Eta Riverbank	Amelyorasyon Pak yo	\$300,000
Pak Eta Riverbank	Reparasyon Pisin	\$125,000
Pak Eta Roberto Clemente	Ranplase Fasad Faz 1	\$100,000
Pak Eta Shirley Chisholm	Devlope Nouvo Etablisman Pak	\$20,000,000
		\$20,525,000

North Country: 2.7 milyon dola pou 5 pak

Eel Weir State Park	Build New Comfort Station and Dumping Station	\$250,000
Keewaydin State Park	Construct New Park Police Zone 2 Building	\$150,000

Sackets Harbor State Historic Site	Develop Public Use Facilities for Horse Island	\$750,000
Southwick Beach State Park	Add New Campsites off the Electrical Loop	\$1,125,000
Wellesley Island State Park	Construct Two New Campground Comfort Stations	\$500,000
		\$2,775,000

Southern Tier: 6.5 milyon dola pou 4 pak

Chenango Valley State Park	Build New Dump Station	\$300,000
Buttermilk Falls State Park	Safety Improvements to Jennings Pond Dam	\$2,250,000
Mark Twain State Park	Develop and Install New Golf Course Irrigation System	\$2,000,000
Stony Brook State Park	New Park Police Zone Office and New Park Office	\$2,000,000
		\$6,550,000

Rejyon Lwès New York: 7.9 milyon dola pou 7 pak

Allegany State Park	Upgrade Red House High Voltage Electric System	\$875,000
Lake Erie State Park	Upgrade Park Utilities	\$75,000
Midway State Park	Continue Park Improvement Projects	\$350,000
Allegany State Park	Improve Quaker Facility Building	\$1,500,000
Allegany State Park	Renovate Quaker Multi-Use Trail	\$200,000
Buffalo Harbor State Park	Construct Permanent Restroom and Office	\$800,000
Devil's Hole State Park	Enhance Devil's Hole Gateway	\$900,000
Golden Hill State Park	Stabilize Golden Hill Shoreline	\$1,200,000
Robert Moses Parkway	Robert Moses Parkway - North Project	\$2,000,000
		\$7,900,000

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)